



Nim. 202,3

DEKRÈ EGZEKITIF

KONTINITE SISPANSYON TANPORÈ AK MODIFIKASYON LWA YO KI GEN RAPÒ AK IJANS NAN SITIYASYON KATASTWÒF

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 la, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyoasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;


LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

LÈ NOU KONSIDERE, yon eta k'ap aji pou kont li, pa kapab kontwòle pwopagasyon kontinyèl maladi sa a epi li egzije kowòdinasyon ak koperasyon pami eta yo;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen gouvènè Andrew M. Cuomo avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, oswa bay nenpòt direktiv pandan yon ijans pou katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak dezaz la, mwen prezante direktiv sa yo ak sispannyon ak modifikasyon pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif 202.3 sa a jiska 15 avril 2020:

- Direktiv la mande pou anile gwo rasanbleman ak evènman yo oswa ranvwaye yo si yo te prevwa gen plis pase 500 moun prezan an vèti Dekrè Egzekitif 202.1 ki date 12 mas 2020 an, yo amande ak modifiye li pou egzije ke nenpòt ki gwo rasanbleman oswa evènman (konsè, konferans, sèvis adorasyon, pèfòmans devan yon gwo odyans, elatriye) dwe anile oswa ranvwaye si yo prevwa ap gen plis pase senkant moun k'ap prezan, nan nenpòt ki kote nan Eta New York jiska nouèl lòd.
- Nenpòt restoran oswa bar nan eta New York la dwe sispann sèvi kliyan manje oswa bwason nan lokal la, sa antre anvigè nan dat 16 mas 2020 a 8 pm, epi jiska nouèl lòd li sèlman dwe sèvi manje oswa bwason pou konsomasyon an deyò lokal la. Malgre nenpòt pwovizyon lwa sou kontwòl alkòl ak bwason, yo otorize yo pou gen yon lians pou vann an detay nan lokal la, pandan dire Dekrè Egzekitif sa a, yo dwe vann alkòl pou konsomasyon an deyò lokal la, ki pral gen ladan swa pote li yon lòt kote oswa livrezon, sou rezèv limit rezonab Otorite Likè Eta (State Liquor Authority) yo etabli.

- Nenpòt etablisman ki otorize pou fè jwèt lotri videyo, oswa jwèt kazino yo dwe sispann operasyon an, sa antre anvigè nan dat 16 mas 2020 a 8 pm, jiska nouvellòd. Pou yon Klas III Antrepriz Jwèt Tribal oswa antrepriz Jwèt Tribal Klas II, nenpòt etablisman ta dwe fèmen pou piblik la tou jiska nouvellòd.
- Nenpòt sal jimnastik, sant kondisyonman fizik oswa kou, ak sinema dwe sispann fonksyone, sa antre anvigè nan dat 16 mas 2020 a 8 pm, jiska nouvellòd.
- Pa dwe gen gouvènman lokal oswa sibdivizyon politik ki dwe bay nenpòt ki lòd ijans lokal oswa deklarasyon ijans oswa dezas ki pa konpatib avèk, ou ki en konfli ak oswa ranplase direktiv ki anwo yo, oswa nenpòt ki lòt dekrè egzekitif ki bay dapre Seksyon 24 nan Lwa Egzekitif la epi nenpòt dekrè ijans lokal oswa nenpòt kòd administratif lokal, yo ap sispann tout chat, lwa, règ oswa règleman, pa rapò ak nenpòt ki dekrè konsa yo, si se yon otorite diferan ki bay yo oswa si yo an konfli ak direktiv Egzekitif yo.



FÈT anba siyati mwen ak So Prive Eta a
nan Vil Albany, sèzyèm jou
mwa mas nan lane de mil
ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Mr. C

Sekretè Gouvènè a

[Signature]